



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWA SANT SANSIBILIZASYON KI OUVRI KOUNYE A NAN KONTE RENSSELAER, OTSEGO, AK NIAGARA APRE APWOBASYON DEKLARASYON KATASTWÒF FIZIK ADMINISTRASYON TI BIZNIS LA POU EVÈNMAN METEYOWOLOJIK NAN MWA JIYÈ YO**

***Moun, rezidan, mèt biznis ak òganizasyon san bi likratif yo nan 18 konte kapab aplike kounye a pou prè nan ka katastwòf ki gen enterè ba pou ede yo rekipere.***

***Twa Sant Sansibilizasyon pou Prè SBA nan ka katastwòf ouvri kounye a rive vandredi 24 septanm pou sipòte Nouyòkè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a apwobasyon yon Deklarasyon Katastwòf Fizik pou konte Rensselaer, Otsego, ak Niagara apre yon demann pou Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) la nan 1ye septanm. Deklarasyon an gen rapò ak twa evènman meteyowolojik vyolan separe nan fen jiyè ki te lakòz domaj nan kay ak biznis yo prensipalman nan konte Rensselaer, Otsego ak Niagara. Sa pèmèt Nouyòkè ki elijib nan twa konte sa yo ak konte vwazen yo pou aplike pou prè ki gen enterè ba pou ede rekonstwi ak rekipere yo. Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo k ap chèche asistans an pèsòn youn a youn pou vizite nouvo sant sèvis SBA etabli yo.

"Gras ak Administrasyon Ti Biznis yo, Nouyòkè yo ki gen gwo tanpèt ak inondasyon rapid ki te afekte yo, ki te rive nan plizyè pati nan eta a nan fen mwa jiyè, elijib kounye a pou aplike pou soulajman apre katastwòf", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Administratè Guzman pou sipò li epi ankouraje sila yo ki te viktim evènman meteyowolojik yo sa yo pou vizite Sant Sansibilizasyon pou Prè nan ka Katastwòf yo nan kominote respektif yo epi kòmanse pwosesis rekiperasyon an".

Sant Sansibilizasyon pou Prè nan ka Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) ouvri kounye a pou rezidan konte sa yo:

***Konte Niagara, Erie, Genesee ak Orleans:***

Sant Jesyon Ijans Konte Niagara  
5574 Niagara Street Ext., Lockport, NY 14094

Gen plis enfòmasyon pou rezidan konte Niagara, Erie, Genesee ak Orleans ki disponib [isit la](#).

**Konte Rensselaer, Albany, Columbia, Greene, Saratoga ak Washington:**

Bilding Town of Sand Lake  
8428 NY Route 66, Averill Park, NY 12018

Gen plis enfòmasyon pou rezidan konte Rensselaer, Albany, Columbia, Greene, Saratoga ak Washington ki disponib [isit la](#).

**Konte Otsego, Schoharie, Delaware, Chenango, Madison, Oneida, Herkimer ak Montgomery:**

Depatman Ponpye Morris  
117 East Main Street, Morris, NY 13808

Gen plis enfòmasyon pou rezidan konte Otsego, Schoharie, Delaware, Chenango, Madison, Oneida, Herkimer ak Montgomery ki disponib [isit la](#).

Touletwa sant sansibilizasyon yo ap ouvri soti lendi rive vandredi apati 9 a.m. rive 6 p.m. ak nan samdi apati 10 a.m. rive 2 p.m. Sit yo pral fèmen yon fason pèmanan nan vandredi 24 septanm nan 4 p.m.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou prè ak aplikasyon nan ka katastwòf, Nouyòkè yo kapab vizite [sba.gov/disaster](https://sba.gov/disaster) oswa rele nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 1-800-659-2955 (oswa 1-800-877-8339 pou moun soud ak sila ki tande di yo).

Delè pou retounen aplikasyon yo pou domaj fizik nan pwopriyete se 8 novanm 2021 epi delè pou aplikasyon sou domaj ekonomik se 9 jen 2022.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)